



**Sèvis (CORE) Rekiperasyon  
ak Ranfòsman Oryante Kominotè  
(Community Oriented Recovery and  
Empowerment (CORE) Services)  
ede w atenn objektif ou yo epi  
ede w pi byen distenge resous  
ki nan kominote w la.**



## **Sèvis Rekiperasyon ak Ranfòsman Oryante Kominotè**



Department  
of Health

Office of  
Mental Health

Office of Addiction  
Services and Supports



## Sèvis Rekiperasyon ak Ranfòsman Oryante Kominotè a: Sèvis (CORE) yo?

Si w gen bezwen sante mantal ak/oswa bezwen akòz itilizasyon dwòg, Sèvis (CORE) yo ka ede w atenn objektif pèsonèl ak sante w yo.

Sèvis sa yo konn disponib atravè Sèvis Sante Konpòtmantal Adilt Adomisil ak Kominotè. Sèvis CORE yo fasil pou jwenn.

Sèvis CORE yo ka ede w jwenn ak jere yon travay, ale lekòl, viv endepandan, bati relasyon ak ogmante byennèt ou.

Granmoun ki gen omwen 21 lane ki asire nan Medicaid epi ki antre nan yon Plan Sante ak Rekiperasyon (HARP) ka jwenn sèvis sa yo gratis sou rekòmandasyon nan men yon Militan Lisansye nan Domèn Gerizon, tankou yon doktè, enfimiyè, oswa konseye sante mantal. Anplis de sa, moun ki antre nan Plan Bezwen Esespal-VIH (HIV-Special Needs Plans) ak Plan Plis Avantaj Medicaid (Medicaid Advantage Plus Plans) ka kalifye tou pou sèvis CORE yo.

## Endepandans

- Devlope konpetans lavi tankou kòman pou w jere lajan w oswa fè nouvo zanimi
- Aprann viv pi endepandan ak itilize resous kominotè yo ak defann-tèt ou
- Dekouvri fason pou w jere strès
- Chwazi kote pou w jwenn sèvis tretman ak rekiperasyon

## Edikasyon ak Travay:

- Jwenn sipò pou objektif travay ak lekòl ou yo
- Sipò kontinyèl, defans, ak konsèy pou w aprann konpetans pou yon siksè dirab

## Jesyon Sante:

- Resevwa swen ki santre sou ou ak ankouraje byennèt
- Aprann kijan pou w idantifye opòtinite, ak jere oswa evite kriz

## Sipò Kamarad ak Fanmi

- Jwenn èd nan men moun ki la
- Aprann de kamarad ki konnen ki sa w ap travèse
- Ede fanmi w ak zanmi w aprann konpetans ki pral sipòte rekiperasyon w

## Kisa ki Plan Sante ak Rekiperasyon?

Plan Sante ak Rekiperasyon (HARPS) se plan Jesyon Swen Medicaid (Medicaid Managed Care) ki peye pou swen sante fizik ak swen sante konpòtmantal ou. Pèsonèl HARP ki espesyalize nan sante konpòtmantal (sante mantal ak itilizasyon dwòg), disponib pou tande w ak travay avèk ou.

Pou konnen plis sou Sèvis CORE yo, kontakte Plan Sante ak Rekiperasyon w lan oswa founisè sèvis Sante Konpòtmantal ou a. Ou kapab vizite [www.omh.ny.gov](http://www.omh.ny.gov) to learn more tou.

